

**PANGAJARAN NYERAT TEKS ULASAN KANA KUALITAS KARYA PILEM
PONDOK NENGETAN STRUTUR SARTA UNSUR BAHASA
NGAGUNAKEUN METODE CURAH GAGASAN PIKEUN MURID KELAS
VIII SMP NEGERI 51 BANDUNG TAUN PELAJARAN 2017/2018**

ku
IRMA HERYANTINI
NIM 145030026

RINGKESAN

*Nyerat teks ulasan kana kualitas karya pilem pondok nyaeta salah sahiji pangajaran anu ngagampilkeun siswa dina proses ngungkabkeun kreativitas dina ngungkapkeun pikiran, raraosan, sarta ideu inti. Motode curah gagasan nyaeta motode kangge ningkatkeun kamampuh peserta didik. Tumali sareng perkawis eta, panulis kataji ngalakukeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nyerat teks ulasan kana kualitas dina karya pilem pondok nengetan struktur sarta unsur basa sareng ngagunakeun metode curah gagasan pikeun murid kelas dalapan SMP Negeri 51 Bandung. Metode panalungtikan anu pangarang gunakeun nyaeta metode eksperimen, sarta teknik panalungtikan telaah pustaka, observasi, uji cob, sarta anu terahir aya tes. Salajeungna hasil panalungtikana sapertos kieu: (1)Pangarang tiasa ngarancang, ngalakukeun, sarta meunteun pangajaran ieu. Kabuktian kana hasil pameunteun rarancang sarta palaksanaan pangajaran 3,86 kana kategori sae pisan. (2) Murid kelas VIII-8 SMP Negeri 51 Bandung, tiasa nuturkeun pangajaran eta kana sae. Kabuktian ku puntun rata-rata pretes nyaeta 45,4, sarta puntun ratarata postes 84,5. Paningkatana saageung 39,1. (3) Metode pangajaran curah gagasan epektip diangge dina pangajaran eta. Kabuktian tina hasil pahitungan statistik sarta hasil *th itung* saageung $15,93 \geq$ hasil *ttabel* 2,05 tina tingkat kapercanteunan 95% sarta db saageung 27.*

Dumasar bukti eta, pangarang tiasa nyindeukan yen panalungtikan pangajaran nyerat teks ulasan dina kualitas karya pilem pondok nengetan struktur sarta unsur basa sareng ngagunakeun metode curah gagasan pikeun murid kelas dalapan SMP Negeri 51 Bandung, berhasil dilaksanakeun.

Kata Konci: Curah Gagasan, Nyerat, Pangajaran, Pilem Pondok, Teks Ulasan.